

RELIGIUSITAS SAJRONE NOVEL *KUPU WENGI MBANGUN SWARGA* ANGGITANE TULUS S

Kakasya Alya Harimurti

Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri
Surabaya

kakasyaharimurti16020114081@mhs.unesa.ac.id

Yunita Ernawati, S.Pd., M.A.

Dhosen Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri
Surabaya

yunitaernawati@unesa.ac.id

Abstrak

Sawijine karya sastra sing becik bisa menehi kawruh ngenani saperangan bab sing ana ing njero uripe manungsa mligine urip manungsa sing nduweni sambung rapet karo bab kareligiusitan. Akehe saperangan karya sastra sing nggambarake unsur religiusitas disebabake saka rapete hubungan antarane karya sastra lan religiusitas. Sawijine karya sastra bisa menehi gambaran ngenani uripe manungsa ing saben dinane, jangkep karo perkara lan rubeda sing dialami manungsa kayata tumindak sedheng, korupsi, konflik sosial, lan sapanunggalane. Padha dene novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S uga ngandhut ngenani unsur religiusitas. Religiusitas sing dirembug ana ing njero panliten iki yaiku ngenani religiusitas langsung lan religiusitas ora langsung sing digambarake ing njero novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif. Pendhekatan sing digunakake yaiku pendhekatan sosiologi sastra. Dhata sing digunakake ing njero panliten iki awujud pethikan tembung, ukara sarta dhialog antar paraga sing ana ing njero novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S. Sumber dhata sing digunakake ing njero panliten iki dijupuk saka novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S. Teknik nglumpukake dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku studi dokumentasi awujud teks novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S. Ancas panliten iki yaiku kanggo ngandharake gambaran religiusitas sing ana ing njero novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S.

Asil saka panliten ngenani bab religiusitas sajrone novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitane Tulus S diperang dadi rong rembugan antarane (1) Wujud tumindak religiusitas otentik sajrone novel yaiku iman, eling marang Gusti, pasrah, urip rukun lan bekti marang wong tuwa (2) Wujud tumindak religiusitas agamis sajrone novel yaiku sembahyang, ngaji, ibadah haji, lan sodakoh. Rong rembugan kasebut nggambarake ngenani upaya kang ditindakake manungsa supaya luwih cedhak marang Gusti kang Maha Kuwasa.

Tembung Wigati: *religiusitas, religiusitas langsung, religiusitas ora langsung, lan novel KWMS.*

Abstrak

Sebuah karya sastra yang baik akan memberikan informasi mengenai beberapa hal yang terdapat dalam kehidupan manusia. Khususnya kehidupan manusia yang berhubungan dengan kereligiusannya. Banyaknya karya sastra yang memberikan gambaran mengenai religiusitas disebabkan karena eratnya hubungan antara karya sastra dengan religiusitas.

Sebuah karya sastra dapat memberikan gambaran mengenai kehidupan manusia dalam kesehariannya, lengkap dengan segala perkara dan cobaan yang dialami manusia seperti halnya berselingkuh, tindak korupsi, konflik sosial, dan sebagainya. Seperti halnya dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S yang mengandung unsur religiusitas. Permasalahan religiusitas yang akan dibahas dalam penelitian ini yaitu mengenai religiusitas langsung dan religiusitas tak langsung yang digambarkan di dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S. penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif. Pendekatan yang digunakan dalam penelitian ini yaitu pendekatan sosiologi sastra. Data yang digunakan dalam penelitian ini berupa kutipan kata, kalimat, serta dialog antar tokoh yang ada di dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S. Teknik pengumpulan data yang digunakan yaitu studi dokumentasi berupa teks novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S. Tujuan penelitian ini yaitu untuk mendeskripsikan mengenai unsur religiusitas yang ada di dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S.

Hasil penelitian mengenai religiusitas di dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* karya Tulus S dibedakan menjadi 2 diantaranya yaitu (1) Wujud tindakan religiusitas langsung/otentik dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* yaitu iman, ingat pada Tuhan, pasrah, hidup rukun, dan berbakti kepada orang tua (2) Wujud tindakan religiusitas tak langsung/agamis dalam novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* yaitu shalat, mengaji, ibadah haji, dan bersedekah. Kedua pembahasan tersebut menggambarkan sebagian upaya yang dilakukan manusia dalam mendekatkan diri pada Sang Pencipta.

Kata Kunci: *religiusitas, religiusitas langsung, religiusitas tak langsung, dan novel KWMS.*

Abstract

A good literary will provide information about several things that are contained in human life. Especially which human life that related to its religiousness. There are literary that provide a picture of religiosity is due to the close relationship between literary and religiosity. A literary can provide an description of human life in their daily lives, complete with all the cases and trials that humans experience such as cheating, corruption, social conflicts, and so on. As in the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* by Tulus S, which contains elements of religiosity. The problem of religiosity that will be discussed in this research is direct religiosity and indirect religiosity which is described in Tulus S's novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga*. This research uses descriptive qualitative method. The approach used in this research is the sociology of literature approach. The data that used in this research are quotations of words, sentences, and dialogues between characters in the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* by Tulus S. The data collection technique used is documentation study in the form of the text of the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* by Tulus S. This is to describe the elements of religiosity in Tulus S's novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga*.

The results of this research on religiosity in the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* by Tulus S are divided into 2, namely (1) the form of direct / authentic acts of religiosity in the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga*, namely faith, remembering God, surrender, living in harmony, and being devoted to parents. (2) The form of indirect / religious acts of religiosity in the novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* are prayer, recitation, pilgrimage, and charity. Both discussions illustrate some of the efforts humans make to get closer to the Creator.

Keywords: *religiosity, direct religiosity, indirect religiosity, and KWMS novel.*

PURWAKA

Sastra Jawa modern mujudake salah sijine pantha saka patang panthan periodisasi sastra Jawa. Minangka salah siji wujud perangan periodisasi sastra Jawa, Widayati (2019:1) ngandharake yen sastra Jawa modern wiwit ana nalika bangsa asing lan bangsa walanda mlebu ing tlatah Jawa, kurang luwih wiwit abad 19 M. Wernane karya sastra Jawa sajrone periodisasi sastra Jawa modern yaiku geguritan, cerkak, cerbung, ceryang, cermis, lan sapanunggalane. Basa kang digunakake ing njero karya sastra Jawa modern luwih gampang dimangerteni tinimbang basa Jawa kang digunakake sajrone karya sastra periodisasi sastra Jawa liyane. Novel mujudake salah siji karya sastra sajrone periodisasi sastra Jawa modern kang populer ing tengah masarakat nganti saiki. Karya sastra Jawa modern kang bakal dirembug ing njero panliten iki yaiku novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* utawa bakal dicekak dadi novel KWMS. Novel KWMS anggitane Tulus S iki nyritakake ngenani nasib Raminten sing nggolek kerja menyang Jakarta. Ana ing njero novel iki panulis uga nggambarake urip mbara ing kutha Jakarta. Sajrone novel iki Tulus S nyoba ngandharake marang pamaca sastrane supaya ora nyepelekake wong liya adhedhasar pakaryan kang

ditindakake sing digambarake lumantar Raminten. Nadyan nindakake pakaryan kang ala, dheweke nduweni ati sing apik, Raminten seneng tetulung, bekti marang wong tuwa sarta nduweni kekarepan kanggo mertobat.

Novel minangka salah siji karya sastra kang diciptakake kanggo nggambarake panguripane manungsa ing lingkungan masarakat. Panguripan kasebut nduweni sambung rapet karo sekabehane bab sing dumadi antarane manungsa lan manungsa, manungsa lan mahluk liya ing donya. Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2015:5) ngandharake dene novel minangka sawijine karya fiksi, nyuguhake gambaran urip sing sampurna, sing digambarake lumantar paraga lan panyandrane paraga, paristiwa, plot, latar lan setting, lan sapanunggalane. Sawijine bab sajrone uripe manungsa sing dimot ing njero karya sastra yaiku sistem kapercayan. Salah sawijine novel kang ngamot sistem kapercayan yaiku novel KWMS anggitane Tulus S. Sistem kapercayan sing digambarake ing njero novel KWMS anggitane Tulus S yaiku sistem kapercayan agama islam.

Religiusitas sering ditegesi minangka dhimensi kang disebut kapercayan lan dipraktekake kanthi nindakake ritual lan ngakibatake akhlak kang becik. Nalika ngrembug tembung

religius, sing bakal kagambar ing njero pamikire manungsa yaiku ngenani bab-bab sing duwe sesambungan karo kapercayan utawa agama kayata sembahyang, tawakal, ngaji, pasa lan sapanunggale. Pancen antarane agama lan kareligiusan manungsa iki nduweni sambung rapet, nanging nduweni teges kang beda. Ansori (Ghufron, 2012:169) ngandharake yen istilah religi utawa agama nduweni teges kang beda karo religiusitas. Agama luwih mligi ing aspek-aspek formal sing nduweni sambung rapet karo aturan lan kuwajiban sing ana ing sawijine agama. Istilah religiusitas luwih mligi ing aspek religi sing wis dihayati kanthi tumemen ing njero batine manungsa, bisa uga disebut yen religiusitas luwih mligi ing sawijine aspek sing ora katon mata sing ana ing njero batine saben manungsa.

Masalah ing ndhuwur nuwuhake pitakonan ngenani gegambaran unsur religiusitas sing ana ing njero novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitané Tulus S lan realitas saka unsur religiusitas novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* anggitané Tulus S ing masarakat. Kanggo mangsuli pitakonan kasebut, mula panliti nggunakake teori sosiologi sastra supaya rembugan ngenani bab religiusitas sajrone novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* luwih mentes.

METODHE PANLITEN

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Metodhe deskriptif kualitatif iki digunakake kanggo nggambarake religiusitas sajrone novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga*, ing kene dicaket dadi KWMS anggitané Tulus S. Teknik nglumpukake dhata panliten iki asipat kapustakan kanthi nggunakake teknik nggoleki, maca, nyimak, lan nyathet. Teknik kang digunkake yaiku teknik dokumentasi awujud teks novel *Kupu Wengi Mbangun Swarga* (KWMS) anggitané Tulus S. Tatalampah prosedhur analisis sajrone panliten iki yaiku maca novel, nggawe sinopsis crita, ngidhentififikasi lan ngklasifikasikake unsur-unsur intrinsik, nganalisis religiusitas ing njero novel, lan ndudut asil analisis dhata sing ana ing njero novel kasebut.

ASIL lan PANLITEN

1. Religiusitas Langsung/Otentik

Religiusitas langsung yaiku sipat religius sing dianggep minangka sawijine sikap kaagaman kanthi cara langsung, sing ngutamakake geter atine manungsa minangka mahluk reriptane Gusti, bab kasebut diandharake dening Ratnawati (2002:18). Religiusitas langsung sing digambarake ing njero novel KWMS

iki ngenani iman, eling marang Gusti, pasrah, urip rukun, lan bekti marang wong tuwa. Religiusitas langsung sajrone novel KWMS dijlentrehake andharan ing ngisor iki.

a) Iman

Iman minangka sawijine unsur kareligiusitasan sing ora bisa katon mata (religiusitas otentik). Tembung iman asale saka basa Arab kang nduweni teges ‘percaya’. Miturut panemune Ad Dimasyqi (2000:202), iman yaiku benerake tuturan lumantar tumindak, banjur nindakake sembahyang lan nindakake zakat sarta niru apa kang dituladhakake dening Rosulullah SAW sarta piwulang kang diandharake Rosulullah, lan mercayani anane panguripan ing alam akherat. Iman kang diandharake Tulus S sajrone novel KWMS iki ngenani kapercayane paraga Raminten marang kuwasane Gusti, kalungguhane Gusti ing atase mahluk ciptaane, kaanane surga lan neraka, kaanane sakaratul maut, lan sapiturute. Wujud tumindak religiusitas langsung sajrone masarakat Jawa diandharake Amiroh (2019) ing panlitene ngenani konsep *qada’* lan *qadr*, ana klompok masarakat sing durung ngaplikasikake konsep *qada’* lan *qadr* kanthi wutuh,

masarakat kang ngaplikasikake konsep *qada’* lan *qadr* sajrone tradhisi ruwatan kanthi wutuh, lan masarakat kang nindakake tradhisi ruwatan kanthi ora nerak aturan aqidah islam.

b) Eling marang Gusti

Eling marang Gusti sing nggawe urip yaiku sawijine wujud penghayatan religi sing wigati. Eling marang Gusti nuduhake yen manungsa pancen ora bisa adoh saka Gustine. Saklawase mecaki urip ing alam donya, manungsa nduweni iman banjur terus eling marang Gusti sing wis nggawe urip. Kanthi cara mangkono manungsa bisa dadi mahluk sing taat lan bakal nindakake kuwajibane lan ngadohi bab sing kudu disingkiri. Printah eling marang Gusti iki diandharake sajrone al-qur’an surat Al Baqarah:152 (Junus, 1997:22) “*karena itu, ingatlah kamu kepada-Ku niscaya Aku ingat (pula) kepadamu, dan bersyukurlah kepada-Ku dan janganlah kamu mengingkari (nikmat-Ku)*”. Salah siji wujud tumindak sing nggambarake yen manungsa eling marang Gustine yaiku ngaturake rasa sukur marang Gusti sing wis menehi rejeki, umur dawa, kamulyan, jiwa sing tentrem, lan sapanunggale. Sajrone novel KWMS uga

diandharake yen nindakake sodakoh lan ngaturake rasa sukur mujudake tumindak religiusitas langsung, eling marang Gusti.

c) Pasrah

Pasrah minangka salah siji wujud sikap religiusitas langsung kang digambarake ing njero novel KWMS. Pasrah nduweni teges menehake apa-apa marang, ing njero novel iki ngembug ngenani pasrah marang takdir Allah. Sajrone al-qur'an diandharake ing surat Al Maidah:11 (Junus, 1997: 99-100), *"Hai orang-orang yang beriman, ingatlah akan nikmat Allah kepadamu, ketika satu kaum bercita-cita hendak menyerangmu (membunuhmu) dengan tangannya, lalu Allah menahan tangan mereka dari padamu dan takutlah kepada Allah. Dan kepada Allah hendaklah orang-orang beriman itu bertawakal"*. Wujud kepasrahan manungsa sing digambarake ing njero novel KWMS diwujudake kanthi nampa takdir lan nindakake perintah Gusti kanthi eklas. Panliten ngenani kepasrahan diandharake Hendro (2018) kanthi irah-irahan Religiusitas Gunung Merapi, ngandharake dene kepasrahan masyarakat Jawa nalika mecaki urip ing donya kagambar saka

apa kang ditindakake Mbah Marijan minangka abdi dalem kang disebut sang Pamomong Gunung Merapi, panjenengane pasrah nindakake kuwajiban kanthi njaga Gunung Merapi nganti seda.

d) Urip Rukun

Sikap rukun sing ana ing novel KWMS digunakake pengarang Tulus S kanggo nggambarake kahanan rohani Mbok Ranti kang luwih becik. Suseno (1988:39) rukun iku ana ing kahanan kang slaras lan imbang, ayem lan tentrem, tanpa ana padu, lan nyawiji kanggo padha-padha nulung sing liyane. Urip rukun sajrone al-qur'an diandharake ana ing surat Al Hujurat:10 (Junus, 1997:465), *"sesungguhnya orang-orang mukmin itu bersaudara, karena itu damaikanlah antara kedua saudaramu (yang berselisih) dan bertaqwalah kepada Allah agar kamu mendapat rahmat"*. Karukunan masarakat Jawa diandharake Soedarso (2013) ngenani dinamika multikultural masarakat Surabaya. Panliten iki ngandharake ngenani kahanan kampung-kampung ing Surabaya urip kanthi multikultural antar warga ora mbeda-bedakake perkara etnis, agama lan kelas sosial.

e) Bakti marang Wong Tuwa

Bakti marang wong tuwa minangka salah sijine perintah agama islam marang umat muslim sing ana ing donya. Perintah ngenani bakti marang wong tuwa ana ing njero al-qur'an surat Luqman:14 (Junus, 1997:371), *"Kami wasiatkan kepada manusia, terhadap ibu bapanya. Ibunya mengandungnya dengan (menderita) kelemahan di atas kelemahan dan menceraikannya dari susuan dalam dua tahun (yaitu): berterimakasihlah kepada-Ku dan kepada ibu bapakmu. Kepada-Ku tempat kembali"*. Bakti marang wong tuwa kang dituduhake ing njero novel KWMS diwujudake paraga Raminten kanthi mbangunake omah, budhal haji bareng ibune, lan ngirim dhuwit saben sasine. Satengahe masarakat Jawa, bakti marang wong tuwa ditindakake kanthi cara nindakake kuwajibane anak marang wong tuwa, nduweni solah bawa kang becik, ngenthengake sanggane wong tuwa, lan nindakake perintah agama, bab kasebut diandharake Dinasyari (2013) sajrone panlitene *"Makna Berbakti Pada Orang Tua dalam Perspektif Remaja Muslim Jawa"*.

**2. Religiusitas
Langsung/Agamis**

Religiusitas agamis disebut minangka religiusitas ora langsung, amarga manungsa nindakake utawa nggunakake sawijine cara kang formal kanggo nuduhake tingkatan religiusitas iki kanthi cara nindakake sembahyang, pasa, budhal kaji, budhal umroh, lan sapanunggalane, bab kasebut diandharake dening Ratnawati (2002:18). Nilai religius utawa religiusitas ora langsung utawa agamis sing digambarake ing njero novel KWMS iki antarane ngenani sembahyang, ngaji, budhal haji, lan sodakoh.

a) Sembahyang lan Ngaji

Sembahyang yaiku salah sawijine ritual kaagaman islam kanggo nyembah marang Gusti. Sembahyang ditindakake umat muslim minangka sawijine kuajiban. Bab kasebut diandharake sajrone al-qur'an surat An Nisa:103 (Junus, 1997:87), *"Sungguh, shalat itu adalah kewajiban yang ditentukan waktunya atas orang-orang yang beriman"*. Sajrone novel KWMS nindakake ibadah sembahyang nggambarake tingkat religiusitas kang apik, nindakake sawijine kuajiban minangka umat kang nduweni agama. Panulis Tulus S nggambarake niat Raminten mertobat kanthi sering nindakake

ibadah sembahyang lan ngaji. Ngaji yaiku salah sawijine ibadah kang ditindakake umat muslim kanthi maca al-qur'an. Mustamar (sajrone Yusuf, 2015:4) ngandharake ngenani hadist kautaman maca al-qur'an, "*barang siapa membaca satu huruf dari Kitabullah (al-qur'an), maka baginya satu kebaikan. Dan satu kebaikan sebanding dengan sepuluh kali lipatnya. Tidak aku katakana, alif lam mim itu satu huruf, tetapi alif satu huruf, lam satu huruf, dan mim satu huruf*", HR. Tirmidzi. Ibadah ngaji ditindakake paraga Raminten lan Mbok Ranti minangka upayane mertobat lan nggolek pahala.

b) Ibadah Haji

Sakliyané nindakake sembahyang lan ngaji, sawijine ibadah kang kudu ditindakake umat islam yaiku ibadah haji. Kuwajiban nindakake ibadah haji diandharake al-qur'an ing njero surat Ali Imron:97 (Junus, 1997:57), "*di sana ada beberapa tanda yang nyata, (di antaranya) makam Ibrahim. Barang siapa masuk ke negeri Makkah, niscaya aman sentosa. Allah mewajibkan atas manusia menyengaja bait (mengerjakan haji), yaitu orang yang kuasa berjalan kepadanya; dan barang siapa ingkar, sesungguhnya*

Allah Mahakaya dari sekian alam". Ibadah haji sajrone novel KWMS ditindakake Raminten minangka salah sijine rukun islam kang pungkasan. Upaya kang ditindakake Raminten lan Mbok Ranti kanggo nindakake ibadah haji mujudake tumindak religiusitas ora langsung sajrone novel KWMS. Kanthi nindakake sawijine ibadah kang wajib, Raminten wis nindakake religiusitas ora langsung. Ibadah haji kalebu ing sawijine cara formal kanggo nyedhakake manungsa marang Gusti Allah.

c) Sodakoh

Sodakoh minangka salah sawijine religiusitas ora langsung sajrone novel KWMS. Tembung sodakoh iki asale saka basa Arab '*shadaqah*' kang tegese sawijine barang kang diwenehake umat muslim kanggo wong liya kanthi tanpa ana sing meksa lan ora ana watesan wektu lan jumlah. Printah nindakake sodakoh kanggone umat muslim diandharake sajrone al-qur'an surat Al Baqarah:195 (Junus, 1997:28), "*Dan berinfaqlah kamu (bersedekah atau nafakah) di jalan Allah dan janganlah kamu mencampakkan diri kamu ke dalam kebinasaan, dan berbuat baiklah karena sesungguhnya Allah mencintai*

orang-orang yang berbuat baik”. Sodakoh kang ditindakake Raminten sajrone novel KWMS mujudake tumindak religiusitas ora langsung. Sakliyane iku, kanthi nindakake sodakoh Raminten nuduhake upaya kang gedhe kanggo nggayuh pangapurane Gusti Allah. Sajrone lingkungan masarakat, sodakoh bisa ditindakake sajrone adicara slametan. Amin (2017) ngandharake dene sodakoh ditindakake masarakat Jawa sajrone adicara slametan lan kupatan.

DUDUTAN

Asil saka panliten ngenani bab religiusitas sajrone novel Kupu Wengi Mbangun Swarga anggitane Tulus S diperang dadi rong rembugan antarane (1) Wujud tumindak religiusitas otentik sajrone novel yaiku iman, eling marang gusti, pasrah, urip rukun lan bekti marang wong tuwa (2) Wujud tumindak religiusitas agamis sajrone novel yaiku sembahyang, ngaji, ibadah haji, lan sodakoh. Novel Kupu Wengi Mbangun Swarga mujudake refleksi panguripan manungsa satengahe masarakat Jawa. Novel KWMS nuduhake gegambaran urip masarakat Jawa mligine ing tlatah Madiun. Novel KWMS iki nuduhake gambaran ngenani tumindake manungsa sing pengin mertobat satengahe lingkungan masarakat.

Novel KWMS nuduhake upaya kang ditindakake manungsa kanggo mertobat. Upaya-upaya kang ditindakake diwujudake sajrone tumindak kang becik, sajrone novel KWMS iki antarane nindakake ngaji, sembahyang, nindakake ibadah haji, sodakoh, eling marang Gusti kang Maha Kuwasa, ngiman, pasrah, urip rukun, lan bekti marang wong tuwa. Religiusitas sajrone novel KWMS iki isih ditindakake umat muslim sajrone masarakat Jawa minangka sawijine kuwajiban minangka umat muslim lan nindakake kabecikan satengahe masarakat. Novel KWMS ngandharake amanat kanggo pamaose supaya tetep urip slaras karo prentah agama lan Gusti kang Maha Kuwasa.

ATUR PANUWUN

Panyerat ngaturaken raos sukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Welas Asih, ingkang sampun paring rahmat dhateng panyerat saengga panyerat saged ngrampungaken artikel ilmiah kanthi irah-irahan “Religiusitas sajrone Novel KWMS anggitane Tulus S” menika. Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun kagem pihak-pihak ingkang sampun paring semangat lan panjurung. Ingkang sepisanan panyerat ngaturaken agunging panuwun kagem Dr. Surana, S.S., M.Hum. minangka Ketua Jurusan

Pendidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya. Lajeng ingkang kaping kalih panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng Yunita Ernawati, S.Pd., M.A. ingkang sampun kersa mbimbing panyerat ugi paring semangat saengga karya tulis menika saged rampung. Ingkang pungkasan, panyerat ngaturaken panuwun kagem kanca-kanca ingkang sampun paring panjurung ngantos seratan menika rampung.

KAPUSTAKAN

- Ad-dimasyqi, Imam Ibnu Katsir. 2000. *Tafsir Ibnu Katsir: terjemah*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Al-zuhaili, Wahbah. 1996. *al-Fiqhu al-Islam wa Adillatuhu Juz II*. Damaskus: Dar al-Fikr.
- Amin, Wildan Rijal. 2017. *Kupatan, Tradisi untuk Melestarikan Ajaran Bersedekah, Memperkuat Tali Silaturahmi, dan memuliakan tamu*. AL-A'RAF 14(2):267-282.
- Amiroh, Nuril. 2019. *Konsep Qada dan Qadr dalam Tradisi Ruwatan Anak Tunggal Menurut Masarakat Desa Ngimbangan Mojokerto*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: Universitas Sunan Ampel Surabaya.
- Asari, Dam Malhudji. 2014. *Religiusitas Novel Cinta Suci Zahrana Karya Habiburrahman El Shirazy*. EDUKATA 1(1):73-80.
- Asrori, Labib. 1997. *Jawahirul Kalamiah: terjemah Bahasa Indonesia*. Surabaya: Penerbit Al-Miftah.
- Astutiningsih, Irana dan Hat Pujiati. 2019. *Perspektif Santri dalam Karya Sastra: Sebuah Representasi Wacana Religius-Humanis*. POETIKA 7(1):1-16.
- Athalia, Saffany Fadhila. 2020. *Marginalisasi Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Sajrone Novel Aku Wong Kafir Anggitane Tulus Setiyadi*. BARADHA 13(4).
- Dinasyari, Yuni Nur. 2013. *Makna Berbakti Pada Orang Tua dalam Perspektif Remaja Muslim Jawa*. Skripsi ora diterbitake. Surakarta: Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Effendi, Ratna Mufidha. 2008. *Hubungan Religiusitas dengan Perilaku Agresi Remaja Madrasah Tsanawiyah Persiapan Negeri Batu*. Skripsi ora diterbitake. Malang: Universitas Islam Negeri Malang.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Faruk. 1994. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- _____. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ghufron, M. N,. 2012. *Psikologi Epistimologis: Kepercayaan tentang Hakekat Pengetahuan dan bagaimana Mengetahui Perspektif Psikologi*. Yogyakarta: Penerbit Idea Press.
- Hendro, Eko Punto. 2018. *Religiusitas Gunung Merapi*. Endogami 2(1): 21-29.
- Junus, Mahmud. 1997. *Tarjamah Al Quran Al Karim*. Bandung: PT. Al-Ma'arif.
- Lestari, Ayu. 2019. *Nilai Religiusitas dalam Novel Debu-debu Rakhine Karya Zhaenal Fanani*. Skripsi ora diterbitake. Semarang: Universitas Diponegoro.
- Muliadi. 2017. *The Religious Multicultural Values in The Religiousity Experiences Found in Husni Djamaluddin'd Poetries*. HUMANIORA 29(2):168-178.
- Nisak, Zuhrotun. 2018. *Religiusitas Tokoh Sofia dalam Novel Jean Sofi Karya Leyla Hana*. Skripsi ora diterbitake. Semarang: Universitas Diponegoro.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2015. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurhadi. 2008. *Aspek Kekerasan sebagai Refleksi dan Formatif Kondisi Sosial Politik di Eks-Timor Timur dalam Jazz Parfum & Insiden Karya Seno Gumira Ajidarma*. LITERA 7(1).
- Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratnaningsih, Dwi. 2016. *Piwulang Moral Sajrone Cariyosipun Pambalang Tamak Anggitane Suyitna Martaatmaja*. BARADHA 3(3).
- Ratnawati, V. Risti, dkk. 2002. *Religiusitas Dalam Sastra Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan.
- Septia, dkk. 2019. *Representasi Nilai Religi dan Kepengarangan Puisi-puisi Karya Taufik Ismail*. POETIKA 7(1):32-50.
- Setiyadi, Tulus. 2020. *Kupu Wengi Mbangun Swarga*. Lamongan: Pustaka Ilalang.
- Soedarso, dkk. 2013. *Dinamika Multikultural Masyarakat Kota Surabaya*. JSH 6(1):62-75.
- Suharso, & Retnoningsih, Ana. 2009. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Semarang: CV. Widya.
- Sunarto, Ahmad. 2011. *Terjemah Matan al Ghayah Wattaqrib: Makna Gundul*

- Jawa dan Terjemah Indonesia*.
Surabaya: Penerbit Al-Miftah.
- Susanti, Kusumaning Dwi. 2013. *Analisis Struktural dan Kajian Religiusitas Tokoh Dalam Novel Rumah Tanpa Jendela Karya Asma Nadia*. Skripsi
- ora diterbitkan. Semarang:
Universitas Diponegoro.
- Widayati, Sri Wahyu & Suwarni. 2019. *Sastra Jawa Klasik, Antara Kreasi dan Adaptasi*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.